

Ref : L/NPD/ 001

Lèt tou Louvri pou Lakoudèkont

Pierre Volmar Desmesyeux
Prezidan Lakoudèkont
Nan biwo li.-

Prezidan,

Sitwayen Ayisyen fanm kou gason, mobilize nan tout peyi a ak dyaspora a, pou mande leta kont sou fason lajan Petrocaribe a te jere. Dapre atik 2 dekrè 23 novanm 2005 lan ki tabli òganizasyon ak fonksyonman Koudèkont, premye responsabilite Lakou a se veye, ankete epi jije kijan lajan leta depanse.

Poutan, Koudèkont fè pase 10 lane kote li pa fè travay li. Koudèkont kite lajan leta ap gagòte san li pa aji : li pa bay rapò anyèl, li pa emèt arè debè, li pa sanksyone moun ki gagòte lajan leta, li pa mande lajistis pou suiv okenn moun ki mal jere lajan leta. Lè Koudèkont pa fè travay sa yo, li apiye zak koripsyon ki genyen nan leta, li apiye enpinite.

Depi mwa dawout 2018, nou menm Petwotchalenndjè nan tout peyi a ak nan dyaspora a, nou egzije pou Koudèkont fè travay li jan lalwa mande l. Se poutèt sa, pou memwa ak pou listwa, nou vle raple ki travay n ap tann nan men lakoudèkont nan dosye Petrocaribe a. Fòk Koudèkont :

- Bay rès rapò Petrocaribe a
- Egzèse yonn nan atribisyon l yo ki se kontwole, se pou sa fòk bonjan ankèt fèt sou jesyon chak grenn moun ki t ap jere lajan leta soti 2008 rive 2018
- Lè rapò a fini, li sipoze kontinye chimen li nan Koudèkont jan sa di nan dekrè 23 novanm 2005 lan ki di, veye rapò chak moun ki t ap jere lajan leta nan Chanm Finansye ki anndan CSC/CA
- Chanm Finansye a dwe asire li fè redisyon kont jan atik 15 dekrè 23 novanm 2005 la di li (*La CSC/CA est compétente tant pour enquêter que pour juger*) sa vle di **emèt arè debè oswa kitis**
- Tout moun ki nan ajiman yo gagòte lajan leta dwe jwenn yon arè debè ki pini li. Lè sa a lalwa prevwa pinisyon kont delenkan an, pa egzanp kondane li pou li remèt lajan li te mal jere a oswa mete li nan prizon
- Pou tout dosye ki pa sou jiridiksyon Lakou a, Koudèkont dwe transfere yo bay enstitisyon ki responsab yo tankou Palman, Pakè, Jij enstriksyon, elt.



#noupapdòmi

Nou rekonèt Koudèkont te bay yon premye rapò nan mwa janvye 2019, epi pwomèt rès rapò a pou mwa avril 2019. Jodi a, 15 jou nan mwa avril lane 2019 la deja pase, alòske nou poko wè okenn volonte bò kote Lakou a pou yo bay yon rapò san fòs kote, san kase fèy kouvri sa jan lalwa egzije li. Nou poko wè Chanm Koudèkont lan kòmanse pwosesis pou rann yon grenn arè jan lalwa egzije li. Nou poko wè Koudèkontpote jijman sou okenn moun ki t ap jere lajan leta jan lalwa egzije li. Nou poko wè li transfere okenn nan dosye ki pa sou jiridiksyon li yo pou suivi fèt.

Nou p ap tann jouk nou tounen pwatann. Se poutèt sa, nou vle raple Koudèkontrandevou li te ban nou pou mwa avril la epi swete l mete devwa l opwòp prese prese.

Nou menm Petwotchalenndjè ak tout sitwayen fanm kou gason ki nan batay kont koripsyon ak enpinite a, nou p ap dòmi, nou pran angajman pou nou rete mobilize jiskaske jistis fèt nan dosye Petrocaribe a.

Nou adrese Koudèkont lèt sa a, nan lide pou egzije li pote repons a revandikasyon nou yo, pou kòripsyon ak enpinite disparèt nan peyi a, epi pou lajistis tabli.

Salitasyon Patriyotik,

Manm Nou Pap Dòmi, Petwotchalenndjè ak sitwayen fanm kou gason ki siyen